

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 20 JANVYE 2011

Nimewo : **A-710**

Sijè : SEKSYON 504 REGLEMAN AK PWOSEDI POU ELEV

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) A-710 ki gen dat 29 jen 2009.

Chanjman

- Règleman modifye sa a endike jan yo òganize kounye a Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE), jan yo òganize tou Rezo Timoun Dabò *Children First Networks* (CFN). Dapre Seksyon 504 Manm Ekip, yo rele kounye a *Health Content Expert* yo Lyezon Rezo Sante *Network Health Liaison*.
- Règleman modifye sa a gen ladan l enfòmasyon aktyèl sou jan pou kontakte Koòdonatè santral Seksyon 504 la.

REZIME

Règleman sa a tabli prensip ak pwosedi Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) pou elèv nan lekòl ak pwogram DOE ki se moun kalifye ki gen andikap jan l defini nan Seksyon 504 Lwa 1973 sou reyabilitasyon *Rehabilitation Act of 1973* (29 U.S.C. 794) epi ki bezwen akomodasyon pou patisipe nan pwogram DOE.

ENTWODIKSYON

Chak ane lekòl, DOE idantifye ak evalye elèv ki gen andikap kalifye ki bezwen akomodasyon dapre Seksyon 504 pou patisipe nan pwogram DOE menm jan ak kamarad yo ki pa gen andikap. Jan yo detaye l nan règleman sa a, yon ekip Seksyon 504 ki baze nan lekòl la evalye elèv ki ka bezwen akomodasyon, lè l apwopriye epi lè paran apwouve, yo ofri yo akomodasyon dapre yon Plan pou akomodasyon Seksyon 504 (§504 Plan) alekri ki dekri akomodasyon elèv la ap resevwa.

I. BIBLIKASYON RÈGLEMAN

- A. Yo dwe afiche chak lekòl leta ak pwogram Edikasyon Vil Nouyòk *New York City* (NYC) dapre "Avi pou pa fè diskriminasyon *Notice of Non-Discrimination*" dapre Seksyon 504 yon kote tout moun pase pou anplwaye, paran ak elèv ka wè yo. Yo afiche avi a sou sit wèb DOE nan <http://schools.nyc.gov/Offices/Health/SchoolHealthForms/default.htm>.
- B. Lekòl yo dwe bay chak ane tout paran elèv lekòl leta avi a. Anplis, lekòl yo dwe bay paran elèv ki enskri nan mitan ane a avi sa a tou.

II. APLIKASYON RÈGLEMAN

Y ap deziyen manm pèsònèl onivo biwo santral ak lekòl pou asire yo aplike règleman sa a.

- A. Koòdonatè santral Seksyon 504 dwe egzije pou itilize pwosedi estanda ak fòm yo pou Avi konsènan dwa dapre Seksyon 504, rekòmandasyon, ak evalyasyon dapre Seksyon 504.
- B. Chak direktè dwe nonmen yon Koòdonatè ki baze nan lekòl la dapre Seksyon 504 pou sipèvize aplikasyon règleman an onivo lekòl la. Koòdonatè ki nan lekòl la fèt pou se yon pedagòg. Koòdonatè ki nan lekòl yo dwe asire ke *Notice of Non-Discrimination* dapre Seksyon 504 la rive jwenn paran tout elèv, li dwe konvoke ekip Seksyon 504 yo pou evalye demann pou akomodasyon, li dwe sipèvize sèvis pou tout akomodasyon, epi li dwe konsève done enpòtan sou aplikasyon règleman sa a nan lekòl la, paegzanp elèv ki gen plan 504 aktyèl anplas la, akomodasyon yo bay ak dosye pou tout ensidan ki gen pou wè ak sa ki rive akòz plan Seksyon 504 elèv la.

III. DEMANN POU AKOMODASYON DAPRE SEKSYON 504

- A. Demann estaf lekòl la fè

Estaf lekòl la dwe mande pou yon Ekip Seksyon 504 evalye tout elèv ke yo kwè gen yon andikap epi ki bezwen akomodasyon dapre Seksyon 504 pou pèmèt li ale ak patisipe nan aktivite lekòl menm jan ak kamarad yo ki pa gen andikap. Estaf lekòl la pa dwe ankouraje paran fè demann pou plan Seksyon 504 nan plas estaf ki pou fè premye demann yo. Estaf la fè yon demann lè yo kontakte Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la. Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la dwe itilize yon *Notice Form* DOE pou avèti paran an alekri sou senk (5) jou lekòl. Lè estaf lekòl la fè demann lan, se paran yo ak founisè swen sante a ki dwe toujou ranpli fòm yo avan yo fè yon evalyasyon si sa aplikab. Fòm yo disponib sou sit wèb DOE a nan <http://schools.nyc.gov/Offices/Health/SchoolHealthForms/default.htm>.

Si paran an pa ranpli fòm pou mande yon akomodasyon oswa pou bay konsantman pou konsidere bezwen pou yon akomodasyon, lekòl la pa bezwen pran okenn lòt mezi. Yo dwe dokimante refi paran pou bay konsantman l.

B. Demann Paran fè

Paran dwe itilize fòm DOE apwouve a pou soumèt alekri demann pou akomodasyon dapre Seksyon 504 ba Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la, epi yo dwe mete ak fòm lan dokiman doktè elèv la bay pou pwouve l bezwen akomodasyon an, si sa nesèsè. Ou ka jwenn fòm pou fè demann yo nan men Koòdonatè ki nan lekòl la oswa sou sit wèb DOE a.

IV. **PWOSESIS EVALYASYON SEKSYON 504**

A. Konpozisyon Ekip ki nan lekòl la

1. Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap deside konpozisyon Ekip Seksyon 504 la. Yon ekip Seksyon 504 ap gen ladan l paran elèv la ak omwen de (2) moun ki pa paran elèv la, paegzanp :
 - omwen yon moun ki okouran kapasite elèv la ;
 - omwen yon moun ki ka konprann nenpòt rapò oswa evalyasyon paran an oswa lekòl la fè ki gen pou wè ak demann pou akomodasyon an ; epi
 - omwen yon moun ki konnen akomodasyon ki disponib pou satisfè bezwen elèv la.
2. Y ap detèmine kapasite pou manm nan ekip la genyen dapre bezwen chak elèv yo evalye, epi ekip la pa ka gen yon sèl gwoup moun yo deside rasanble davans pou evalye tout elèv. Depi gen yon minimòm de lòt manm ekip la ki pa paran, yo ka satisfè kondisyon pi wo yo ak de manm sa yo, si sa apwopriye. Yo ka mete *Network Health Liaison* an kòm yon manm ekip Seksyon 504 la nan ka apwopriye, paegzanp nan ka y ap konsidere resous anplis.
3. Lè l posib, pèsònèl lekòl la ki sou plas ta dwe patisipe kòm manm Ekip Seksyon 504 la. Men egzanp pèsònèl apwopriye, men se pa yo sèlman : pwofesè salklas, sikològ lekòl ak estaf enfimyè. Si pa gen pèsònèl lekòl la ki disponib oswa si yo pa kalifye pou reprezante oswa si yo bezwen resous anplis, Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la dwe mande èd *Network Health Liaison* an pou fè aranjman pou lòt estaf patisipe, dapre bezwen endividyèl elèv la. Men moun ki ka estaf sa a, men se pa yo sèlman : pwofesyonèl sante, ekspè nan ansèyman ak pèsònèl administratif.
4. Patisipan nan Ekip Seksyon 504 la ka patisipe nan yon reyinyon swa anpèsòn swa lòt jan paegzanp nan yon telekonferans. Yo dwe bay chak patisipan dokiman nesèsè pou fè bonjan evalyasyon.
5. Ekip Seksyon 504 la ka reyini ak pran desizyon sou pwoblèm ki gen pou wè ak rekòmandasyon, evalyasyon, ak jan pou deside akomodasyon san paran elèv la pa prezan depi lekòl la te avize paran an atan konsènan reyinyon an, epi swa paran pa patisipe swa li deside pa patisipe. Koòdonatè Seksyon 504 la dwe konsève yon dosye sou avi yo te voye ba paran an ak sou tantativ yo te fè pou fè aranjman pou paran an patisipe yon lè ak yon kote ki bon pou yo toude. Yo ta dwe dokimante omwen de (2) nan tantativ yo avan yo fè yon reyinyon san paran an pa la.

B. Reyinyon pou Evalyasyon Komite Seksyon 504 la

1. Kalandriye pou Reyinyon

Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap fikse Reyinyon pou evalyasyon onivo Seksyon 504 sou trant (30) jou lekòl apre yo resevwa yon premye demann alekri pou Akomodasyon dapre Seksyon 504 swa yon demann alekri pou yon chanjman nan plan Seksyon 504 yon elèv.

2. Avi sou Reyinyon pou Paran

Y ap avize paran alekri sou objektif, dat, lè ak kote reyinyon Ekip Seksyon 504 la ap fèt. Y ap voye avi sa a omwen senk (5) jou avan reyinyon an.

3. Konsiderasyon Ekip la

Ekip Seksyon 504 la ap konsidere tout enfòmasyon enpòtan ki disponib, paegzanp tout rapò, evalyasyon oswa dyagnostik paran elèv la bay ansanm ak nòt elèv la, rekòmandasyon pou pwoblèm disiplin, enfòmasyon sou sante, sondaj sou lang elèv la pale, enfòmasyon sou paran, nòt nan egzamen ofisyèl ak kòmantè pwofesè.

C. Jan pou detèmine elijiblite

Ekip Seksyon 504 la dwe deside si elèv la se yon moun ki kalifye poutèt andikap dapre Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon avan yo deside ki akomodasyon li bezwen pou pèmèt elèv la ale lekòl ak patisipe nan aktivite lekòl menm jan ak kamarad li yo ki pa gen andikap.

1. Yon elèv kalifye poutèt yon andikap dapre Seksyon 504 sèl :

- elèv la gen yon andikap mantal oswa fizik ki limite anpil yonn oswa plizyè gwo aktivite nan lavi elèv sa a.

2. Ekip Seksyon 504 la dwe konsilte Dokiman siplemantè A Règleman sa a pou evalye si elèv la se yon elèv ki kalifye ki gen andikap, dapre twa etap pwosesis ki dekri pi ba a.

a. Premye etap - Èske elèv la gen yon andikap fizik oswa mantal ?

Yon elèv ki pa gen yon andikap fizik oswa mantal pa kalifye pou resevwa akomodasyon dapre Plan seksyon 504.

b. Dezyèm etap - Èske andikap fizik oswa mantal la afekte yon aktivite enpòtan nan vi elèv la ?

Yon elèv ki gen andikap fizik oswa mantal ki pa limite yon gwo aktivite nan lavi l anpil pa kalifye pou resevwa akomodasyon dapre Plan 504.

c. Twazyèm etap - Èske aktivite enpòtan sa a nan vi l afekte seryezman ?

Ekip Seksyon 504 la dwe evalye si sitiyaasyon elèv la bay li gwo pwoblèm, lè sitiyaasyon an aktif. Yo pa ta dwe konsidere kondisyon sou yon bout tan kout (paegzanp lè l gen rim ak grip).

3. Ekip Seksyon 504 la dwe kontakte Koòdonatè santral Seksyon 504 biwo la oswa *Senior Counsel* la pou konseye l sou lwa federal sa a.V. **PLAN AKOMODASYON YO**

Si ekip Seksyon 504 la deside ke elèv la gen yon andikap fizik oswa mantal ki afekte seryezman yon gwo aktivite nan lavi l, li dwe deside apre ki akomodasyon, si genyen, ki nesèsè pou elèv la patisipe menm jan ak kamarad li yo ki pa gen andikap.

A. Plan akomodasyon

Si ekip Seksyon 504 la detèmine ki akomodasyon ki nesèsè, li dwe fè yon Plan Seksyon 504 pou elèv la. Plan an dwe presize non ak tit patisipan nan Ekip Seksyon 504, materyèl y ap konsidere pou pran desizyon yo, ak akomodasyon y ap ofri elèv la. Gen yon kopi Plan akomodasyon ofisyèl Seksyon 504 la ki disponib sou sit wèb DOE a.

B. Tip Akomodasyon

1. Akomodasyon pou egzamen (antwòt Akomodasyon pou ijans)

Yo dwe fè demann pou akomodasyon sou fòm akomodasyon pou egzamen nan kòmansman ane akademik oswa touswit apre yo dekouvri yon kondisyon

ki ta egzije tip demann sa a. Yo pa ta dwe fè demann pou akomodasyon pou egzamen imedyatman avan egzamen Eta oswa avan egzamen Vil la eksepte nan ka ijans. NYCDOE pèmèt sèlman menm akomodasyon Eta a otorize pou egzamen Vil la.

Elijiblite pou akomodasyon pou egzamen depann de nòm ki nesèsè pou toujou garanti integrite pwogram ak matyè egzamen dapre pwosedi Administratè Edikasyon Eta Nouyòk ak DOE tabli. Paegzanp, otorize elèv itilize yon kalkilatris pou yon egzamen kalkil ta yon akomodasyon ki pa apwopriye piske li ranplase kapasite y ap teste. Menmjan, li pa ta p bon pou yo bay akomodasyon pou yon egzamen konpreyansyon lekti ki ta mande pou yo li pasaj yo awotwva. Sepandan, pa gen pwoblèm pou yon elèv pran egzamen an yon kote apa.

- Akomodasyon ijan pou egzamen

Nan ka ijans, paegzanp, kote gen yon domaj ki grav oswa lè yo dyagnostike yon andikap nan entèval 30 jou avan yo bay egzamen Eta a oswa Vil la, direktè yo ka konsidere ofri akomodasyon ijan pou egzamen pou yon elèv ki gen yon andikap tanporè dapre restriksyon ak limit yo presize nan manyèl administratif pou egzamen Eta a. Nan ka sa yo, lè pa gen ase tan pou mete anplas yon Plan akomodasyon dapre Seksyon 504, direktè yo ka otorize kèk akomodasyon ki pa p afekte anpil ladrès y ap teste yo. Sepandan, akomodasyon sa yo limite nan sa Depatman Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) ak Divizyon evalyasyon ak kontwòl *Division of Assessment and Accountability* (DAA) DOE otorize. Direktè yo ap konsilte DAA pou deside akomodasyon posib. Y ap konsidere elèv Edikasyon espesyal kòm elèv Edikasyon jeneral pou mete anplas akomodasyon ijan pou egzamen.

Direktè a dwe kenbe yon dosye tout akomodasyon pou ijans yo te ofri epi li dwe voye yon rapò detaye konsènan chak otorizasyon ijan pou akomodasyon nan egzamen ba *Office of State Assessment* :

Director of State Assessment
State Education Department
Room 775 EBA
Albany, NY 12234
Nimewo telefòn : 518-474-8220
Nimewo Faks : 518-486-5765

Pou chak elèv yo bay akomodasyon ijan pou egzamen, direktè a dwe rekòmande elèv la swa ba Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la swa ba Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE) apwopriye pou evalyasyon dapre Lwa sou Edikasyon pou moun ki gen andikap *Individuals with Disabilities Education Act* (IDEA) sou de jou lekòl. Yo dwe konsidere yon rekòmandasyon ba Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la kòm yon demann estaf lekòl la fè jan yo diskite sa nan Seksyon III pi wo a.

2. Akomodasyon pou transpò

Komite Seksyon 504 la dwe voye ba Biwo pou Transpò elèv *Office of Pupil Transportation* (OPT) tout akomodasyon ki gen pou wè ak transpò elèv pou ale ak tounen sot lekòl avan reyinyon Komite Seksyon 504 la. Y ap konsidere sa OPT deside a nan pwosesis evalyasyon Komite Seksyon 504 la, epi y ap mete anplas tout Plan akomodasyon Seksyon 504.

OPT dwe reponn demann pou transpò dèke l resevwa demann lekòl la, alòke l ap konsidere kalandriye 30 jou pou lekòl la. OPT ap voye rezilta yo alekri ba lekòl la avan reyinyon Komite Seksyon 504 la.

Si OPT resevwa yon demann yon paran dirèkteman voye ba l, l ap voye yon kopi demann lan ba lekòl la. Se ekip Seksyon 504 la ki dwe detèmine akomodasyon pou transpò.

3. Sèvis espesyal

Tout demann pou akomodasyon medikal dwe fèt sou fòm apwopriye, ki disponib sou sit wèb DOE a.

Sèvis espesyal : Si yon elèv bezwen sèvis espesyal tankou bilding ki pa gen pwoblèm pou moun andikap ale, ekipman teknoloji pou sipò, asansè, oswa akomodasyon pou egzamen, elatriye, lè sa a yo ta dwe itilize Demann pou akomodasyon Seksyon 504. Yo pa ta dwe itilize fòm sa a si paran fè demann pou sèvis ki gen pou wè ak Edikasyon espesyal, tankou terapi pou reprann aktivite, terapi fizik oswa terapi pou diksyon/langaj, elatriye. Yo dwe konsidere sèvis ki pou mache ak sèvis Edikasyon espesyal *Related services* yo atravè pwosesis Edikasyon espesyal la.

4. Akomodasyon medikal

Anplis Fòm Demann pou akomodasyon Seksyon 504 la, yo dwe ranpli lòt dokiman si yo bezwen ak/oswa si y ap konsidere akomodasyon medikal.

- Dispozisyon pou tretman medikal (pa avèk medikaman) : Yo dwe ranpli fòm sa a lè gen demann pou pwosedi espesyal tankou katetè pou vide vesi, drenaj pou dekonjesyone poumon, tib pou dekonjesyone trache, bay manje nan tib, elatriye. Yo ka itilize fòm sa a pou tout tretman swen enfimyè kalifye.
- Fòm pou kontwòl Sik : Yo ta dwe ranpli l pou tout elèv ki dyabetik.
- Fòm pou Ponn Ensilin : Yo ta dwe ranpli l sèlman pou elèv ki itilize yon ponp ensilin. Yo ta dwe ranpli yon Fòm pou bay medikaman *Medical Administration Form* (MAF) tou pou endike kòmman sereng yo mete anrezèv pou lè ponp lan gate.

Si yon elèv bezwen sèlman pran medikaman, yo ta dwe ranpli yon MAF, yo ka pa bezwen yon plan Seksyon 504. Si yo bezwen lòt akomodasyon, yo dwe konsidere yon plan Seksyon 504. Y ap konsidere chak sityasyon separeman. Yo ka konsilte *Network Health Liaison* an si akomodasyon an egzije lòt resous ki pa genyen nan lekòl la.

C. Avi ak Konsantman

Depi yo fin pran yon desizyon, Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap avèti paran an alekri sou desizyon ekip Seksyon 504 la pran konsènan elijiblite elèv la pou akomodasyon dapre Seksyon 504. Avi a dwe gen ladan l yon deskripsyon dwa paran an pou konteste tout desizyon Ekip Seksyon 504 la pran dapre Seksyon VII (Pwosesis jijman apwopriye *Procedural Due Process*) règleman sa a. Gen yon kopi avi alekri a ki disponib sou sit wèb DOE a.

Yo pa ka aplike Plan akomodasyon san konsantman paran an alekri. Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap bay paran de kopi Plan dapre Seksyon 504 la pou apwouve ak siyen.

Paran an ap voye yon kopi Plan ak siyati l ba Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la, epi l ap kenbe lòt kopi a pou dosye pa l. Konsantman paran ap valid jiska fen ane lekòl la sòf si paran an enfòmè Koòdonatè seksyon 504 ki nan lekòl la ke li pa dakò ankò sou dispozisyon pou akomodasyon yo te dakò a.

D. Transfè ant lekòl DOE pandan ane lekòl la

1. Si yon elèv sòti nan yon lekòl DOE pou transfere nan yon lòt pandan ane lekòl la, lekòl l ap soti a ap mete Plan dapre Seksyon 504 lekòl la nan dosye l ap voye ba lekòl li prale a. Lekòl li prale a ta dwe aplike imedyatman plan dapre Seksyon 504 la ki anvigè pou ane akademik aktyèl la.

2. Si l pa posib pou aplike touswit plan aktyèl la nan lekòl elèv la prale a, Koòdonatè Seksyon 504 lekòl li prale a dwe avèti paran elèv la alekri sou dat yo konte bay akomodasyon yo.
3. Si lekòl elèv la prale a gen yon rezon valab pou l revize Plan Seksyon 504 elèv la, Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la dwe :
 - a. avize paran elèv la ke lekòl elèv la prale a p ap bay akomodasyon ki sou Plan dapre Seksyon 504 la, epi di rezon pou desizyon sa a ; epi
 - b. konvoke yon Ekip Seksyon 504 pou evalye elèv la dapre règleman sa a, epi fè yon Plan apwopriye dapre Seksyon 504, si sa nesèsè.

E. Revizyon anyèl

1. Koòdonatè Seksyon 504 lekòl la dwe evalye Plan akomodasyon dapre Seksyon 504 yo onivo lekòl la chak ane avan fen ane lekòl la pou elèv k ap rete nan lekòl la ane k ap vini a.
2. Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap voye fòm demand pou ane lekòl k ap vini a ba tout paran timoun ki gen yon Plan akomodasyon dapre Seksyon 504 pandan ane lekòl avan an.
3. Doktè elèv la dwe voye yon lèt chak ane pou endike bezwen elèv la genyen pou akomodasyon, si yon doktè te deja dyagnostike andikap la oswa si andikap la egzije entèvansyon medikal regilyèman.
4. Si pa gen chanjman nesèsè nan Plan Seksyon 504 elèv la, paran an dwe siyen fòm lan epi voye l tounen ba Koòdonatè ki nan lekòl la k ap asire yo voye Plan Seksyon 504 la ba tout moun ki responsab pou aplike l.
5. Si paran an endike yo bezwen fè chanjman nan Plan Seksyon 504 la oswa si pèsònèl ki responsab pou aplikasyon Plan Seksyon 504 la endike gen yon pwoblèm pou aplikasyon l, oswa si yo mande modifiye Plan an, yon ekip konplè dwe reyini pou modifiye Plan Seksyon 504 la.
6. Yon ekip konplè ap reyini pou evalye Plan Seksyon 504 yon elèv lè l ale nan yon nouvo lekòl.

F. Transfè elèv nan yon lòt Distri lekòl oswa lekòl prive oswa *Charter School*

Lekòl leta Vil Nouyòk pa gen pou aplike otomatikman yon plan akomodasyon ni ofri akomodasyon Seksyon 504 ke yon lekòl ki pa lekòl DOE te mete anplas. Ekip Seksyon 504 lekòl la dwe evalye elèv ki transferere nan yon lòt distri lekòl oswa yon lekòl prive oswa yon *charter school* pandan ane lekòl la epi ki gen yon plan akomodasyon yo te mete anplas nan yon lòt etablisman oswa ki mande akomodasyon Seksyon 504 sou 30 jou apre enskripsyon elèv la dapre pwosesis ak pwosedi ki tabli nan règleman sa a. Si elèv la gen yon Plan Seksyon 504 yon lòt distri lekòl yon lekòl prive oswa yon *charter school*, lekòl la ap aplike Plan sa a otan l kapab jiskaske Ekip Seksyon 504 DOE a evalye elèv la kòm sadwa dapre règleman sa a.

G. Rekòmandasyon obligatwa ba CSE

Gen kèk elèv yo refere pou akomodasyon Seksyon 504 ki ka bezwen sèvis Edikasyon espesyal. Nan ka sa a, Ekip Seksyon 504 la ap rekòmande elèv la ba CSE apwopriye a pou evalyasyon. Yon elèv ka bezwen sèvis Edikasyon espesyal si li gen yon andikap jan yo defini l nan IDEA ki afekte kapasite l pou l aprann.

Si yon elèv deja gen yon plan edikasyon endividyèl dapre IDEA epi si yo panse li bezwen akomodasyon dapre Seksyon 504, yo ta dwe voye sityasyon an ba CSE a pou tounen konvoke yon ekip IEP pou konsidere demand lan.

VI. KONSÈVASYON DOSYE

- A. Yo dwe konsève yon kopi Plan Seksyon 504 chak elèv pou chak ane akademik nan dosye jeneral li, pou yo ka transfere l avèk elèv la si l ap chanje lekòl. Yo dwe transfere l ba tout lekòl leta Vil Nouyòk kote elèv la pase.
- B. Lekòl yo ap garanti ke yo rapòte nan ATS chak lèt yo ekri pou mande Akomodasyon dapre Seksyon 504. Antwòt tout demann alekri, pa sèlman sa yo detèmine alafen pou mande akomodasyon. *Network Health Liaison* an ka ede lekòl yo nan pwosesis sa a. Dwe gen nan done yo dokimante yo omwen :
- dat demann lan ; ak
 - si Ekip Seksyon 504 la te deside ke elèv la se yon moun kalifye ki gen yon andikap.
- C. Yo dwe voye tout demann ak Plan dapre Seksyon 504 ba *Network Health Liaison* an.

VII. PWOSEDI POU AVI AK EVALYASYON

- A. Avi
1. Koòdonatè Seksyon 504 ki nan lekòl la ap avize paran alekri sou règleman ak pwosedi DOE pou règleman sa a : (1) chak ane ; (2) lè timoun lan enskri nan yon lekòl ; epi (3) lè paran mande.
 2. Y ap avize paran an alekri konsènan desizyon Ekip Seksyon 504 la.
- B. Opòtinite pou egzamine dosye enpòtan
- Paran gen dwa egzamine dosye timoun lan ki gen pou wè ak rekòmandasyon, evalyasyon, mizanplas, ak aplikasyon Plan Seksyon 504 dapre CR A-820.
- C. Plent
1. Paran yo ka pote plent konsènan rekòmandasyon, evalyasyon, mizanplas ak aplikasyon yon Plan Seksyon 504 jan sa yo :
 - a. Lè yo mande *Network Health Liaison* nan borough kote lekòl timoun lan ye rekonsidere desizyon Koòdonatè Seksyon 504 lekòl la oswa Ekip Seksyon 504 lekòl la. Yo dwe fè demann sa a alekri sou dis (10) jou apati dat paran an resevwa avi alekri desizyon l ap konteste a. Nan espas kenz (15) jou apati dat *Network Health Liaison* an resevwa demann pou evalyasyon sa a, l ap voye yon lèt pou di sa l deside ; oswa
 - b. Al fè yon plent nan *Office of Equal Opportunity* DOE dapre CR A-830, si paran an panse yo te fè diskriminasyon poutèt andikap timoun lan.
 2. Paran yo ka mande yon odyans sanpatipri pou konsidere tout desizyon oswa dispozisyon ki pa favorab *Network Health Liaison* te pran kòm repons pou yon demand yo fè ki dekri nan seksyon VII.C.1. pi wo a pou mande wè evalyasyon an. Yo dwe fè demann sa a nan entèval dis jou apati dat paran an resevwa desizyon alekri a ba : Impartial Hearing Office, New York City Department of Education, 131 Livingston Street, Room 201, Brooklyn, NY 11201. Nan odyans sanpatipri sa yo, se paran an ki dwe gen pou pwouve ke desizyon *Network Health Liaison* pa te apwopriye.

VIII. KESYON

Yo ta dwe voye tout kesyon konsènan akomodasyon Seksyon 504 onivo lekòl la ba Koòdonatè Seksyon 504 lekòl la.

Yo ta dwe adrese kesyon konsènan règleman sa a ba Koòdonatè santral Seksyon 504 la :

<u>Telefòn :</u>	<i>Ava Mopper, Koòdonatè santral Seksyon 504</i>	<u>Faks :</u>
718-391-8116	Office of School Health	718-391-8128
	N.Y.C. Department of Education	
	28-11 Queens Plaza North	
	L.I.C., NY 11101	

DOKIMAN SIPLEMANTÈ A

A. Moun ki gen yon andikap

1. Definisyon jeneral

Yon moun ki gen yon andikap se tout moun ki : (a) gen yon andikap fizik oswa mantal ki limite anpil yon oswa plizyè gwo aktivite nan lavi l ; (b) ki gen yon dosye pou andikap sa a ; oswa (c) ke yo konsidere kòm yon moun ki gen andikap sa a.

2. Ekspresyon yo defini apre

- *Andikap fizik oswa mantal* defini nan 34 C.F.R. 104.3(j)(2)(i), kòm tout twoub oswa kondisyon fizyolojik, sitiyasyon moun ki defigire, oswa dejeneresans anatomik ki afekte yon oswa plizyè sistèm nan kò yon moun : sistèm nè ; sistèm misk-eskelèt ; ògàn sans espesyal ; sistèm respiratwa, tankou ògàn pawòl ; sistèm kadyovaskilè ; sistèm repwodiktif ; sistèm dijestif ; sistèm jenito-irinè ; sistèm sangen ak iminitè ak sistèm lenfatik ; sistèm po ; ak sistèm andokrin ; oswa tout twoub mantal oswa sikolojik tankou reta mantal, sendwòm serebral òganik, maladi emosyonèl oswa mantal, ak andikap espesifik onivo aprantisaj. Règleman sa a pa tabli yon lis konplè maladi ak kondisyon espesifik ki ka reprezante andikap fizik oswa mantal poutèt difikilte pou garanti konpreyansyon yon lis konsa.
- *Aktivite endispansab nan lavi* : fonksyon paegzanp pou yon moun okipe tèt li, fè travay ak men l, mache, wè, tande, pale, respire, aprann, ak travay. Sa a se pa yon lis konplè.
- *Aktivite lavi a limite seryezman* vle di pwovoke gwo andikap. Li pa gen ladan l andikap ki pa deranje pèfòmans yon gwo fonksyon nan lavi yon moun. Efè andikap la fèt pou l pèmanan oswa li fèt pou dire lontan. Yon gwo andikap anpeche oswa limite anpil yon moun pou l fè gwo aktivite lavi.
- *Pwogram oswa aktivite* vle di tout pwogram DOE patwone oswa finanse.
- *Elèv kalifye ki gen yon andikap* vle di yon elèv ki gen yon andikap ki : gen laj yo kote yo ofri elèv ki pa gen andikap sèvis edikasyon primè ak segondè ; gen laj lè l obligatwa dapre lwa Eta a pou ofri sèvis edikasyon primè ak segondè ba elèv ki gen andikap ; oswa ki se yon elèv Eta a oblije ofri yon edikasyon piblik apwopriye gratis dapre IDEA.